
Puisi Using

NGERONCE WELAS

Sentot Parijoto



Balai Bahasa Jawa Timur
Badan Pengembangan Bahasa dan Perbukuan
Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan

P u i s i U s i n g

NGERONCE WELAS

Sentot Parijoto

Balai Bahasa Jawa Timur
Badan Pengembangan Bahasa dan Perbukuan
Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan

NGERONCE WELAS
Puisi Using

Penulis
Sentot Parijoto

ISBN: 978-602-8334-52-5

Kurator
Mashuri

Penanggung Jawab
Mustakim

Redaktur
Khoiru Ummatin

Penyunting
Sentot Parijoto
Mashuri

Desain Grafis
Alek Subairi

Sekretariat
M. Iwan Mukaffi

Diterbitkan dalam Bahasa Indonesia oleh
Balai Bahasa Jawa Timur
Alamat Redaksi:
Jl. Siwalanpanji, Buduran, Sidoarjo, 61252.
Telepon/Fax. (031) 8051752, 8071349.

Cetakan pertama, April 2019
Ukuran: 14 x 21 cm
Jumlah halaman: viii + 64

Hak cipta dilindungi undang-undang
Dilarang memperbanyak isi buku ini dengan bentuk
dan dengan cara apapun tanpa izin tertulis dari penerbit.

KATA PENGANTAR
KEPALA BALAI BAHASA JAWA TIMUR

Karya sastra merupakan hasil imajinasi dan kreasi manusia. Perkembangan penulisan karya sastra dapat dikatakan amat pesat. Dewasa ini, berbagai media dapat berfungsi atau difungsikan sebagai wahana pengungkapan nilai-nilai estetis yang berbentuk karya sastra. Selain ditulis di surat kabar, majalah, dan internet, karya-karya sastra juga ditulis atau dihimpun dalam wujud buku. Bahkan untuk jenis penerbitan buku sastra ada kecenderungan peningkatan. Keadaan tersebut ditengarai sebagai bukti apresiasi masyarakat terhadap dunia sastra bergerak ke arah yang lebih baik daripada sebelumnya.

Menyikapi hal tersebut, sejak lama Balai Bahasa Jawa Timur menerbitkan karya-karya penulis Jawa Timur dari berbagai *genre*, baik karya sastra berbahasa Indonesia maupun berbahasa daerah. Beberapa antologi puisi, cerita pendek, cerita rakyat, dan naskah drama telah terbit dan didistribusikan ke seluruh Indonesia melalui Balai/Kantor Bahasa.

Selain merupakan wujud apresiasi dan upaya pendokumentasian karya sastra daerah, tujuan penerbitan buku *Ngeronce*

Welas karya Sentot Parijoto (Hasan Sentot) adalah memelihara semangat para penggiat sastra daerah agar terus berkarya dan melestarikan warisan sastra. Penerbitan karya sastra dari subkultur Banyuwangi ini juga merupakan implementasi program untuk mengembangkan dan memberdayakan penggiat dan komunitas sastra di Jawa Timur. Kami bangga kepada para penulis yang tak kenal menyerah dalam berproses dan menghikmati dunia sastra. Semoga kebanggaan tersebut berjalan seiring dengan terlaksananya program Balai Bahasa Jawa Timur seperti Pembinaan Sanggar Sastra, Literasi, dan Bengkel Sastra dan Bahasa.

Terima kasih kami sampaikan kepada Kepala Badan Bahasa, Sentot Parijoto, dan panitia penerbitan buku ini.

Februari 2019

Drs. Mustakim, M.Hum.

DAFTAR ISI

KATA PENGANTAR
KEPALA BALAI BAHASA JAWA TIMUR.....iii

GURIT KAWITAN.....1
TUKU KAHANAN.....3
WURUNG.....4
NYEBAR UNYIK.....6
WELAS SING KALIS.....7
NGERONCE WELAS.....8
WELAS SING AREP PUNGKAS.....9
RIKA RING AWANG-AWANG.....10
MERGA NDIKA.....11
BANGKEL SING UWIS-UWIS.....12
UDAN PUNGKASAN.....13
MUPUS.....14
USUM GELUDUG.....15
PAREK RIKA.....16
MIBER NANG MEGA.....17

ADOL WELAS 18
KETEKAN MANGSA 19
TERUS MELAYU 20
NGERENDA RASA 21
LURU WELAS 22
MUNG RIKA 23
MALIK ILAT 24
NGASAH WELAS 25
MUJUDAKEN KAREP 26
MBERAK ANTER 28
NUTUPI BELANG 29
KEMBANG KUDUP 30
NYEBAR RASA ALA 31
NJIGAL 32
TATU LAWAS 33
NGAMBAH SUBUH 34
KANG BADUT 35
NGIRIJIGI ATI 36
MUNG SEDHELA 37
NGELIRI DUNYA 38
WELAS RING LAMBE 39
NGERONCE ANGEN 40
TATU DURUNG ARON 41
ARAN RIKA 43
KATON PARAN 44

MANJINGE WELAS 45
NAHAN HAWA 46
PENAMPAN 48
AWANG-AWANG 49
PAMAN BRENGOS 50
KEDUWUREN 51
KEPILIS 52
NGUDARI SUWUNG 53
NYULAM KEMBANG 54
MBELIYAKI LAKU SENI 55
MERANGAS 57
NGUNDURI KUASA 58
MELINTIR ANGIN 59
NGGAYUH ANGEN 60

TENTANG PENULIS 61

GURIT KAWITAN

Ngawiti nulis gurit iki
Muji dunga nyang Illahi Robbi
Sun kutahaken kabeh isine ati
Muga bisa kewedhar nyerambahi
Kabeh ubahe rasa hang dadi isi

Isi hang dibungkus ning gurit
Dudu barang ketebluk teka langit
Uga dudu teka panggonan wingit
Njaluk sepura lan ngucap sewu amit
Nang kanca dulur hang dadi penganggit

Nganggit gurit kanggo niteni mangsa
Tingkah polahe rakyat lan penguwasa
Kabeh wong urip mesti disiksa gudha
Isun titip kuping lan titip mata
Muga kabeh dijaga mane temata

Tata lan tematane nang penguripan
Sing bisa disawang sak kelerepan
Mata lan rasa kudu ana kaitan
Duduk merga penter-penteran
Iku laku apik apa ajakane setan?

Setan hawane wujude menungsa

Megawane methetheng ambi meksa
Sing mikir rakyat apa hang duwe kuwasa
Kabeh dipeksa lan dianggep padha
Nduwure penguwasa ana Maha Kuasa

Gurit kawitan wis sun pungkasi
Muga bisa mbiyak raina bengi
Ginau bareng aju padha niteni
Iki basa Using teka Banyuwangi
Kurang lebihe kudu jujur diakoni

Sby, 26/02/2018

TUKU KAHANAN

Kebeh panjere wong kene sun undang
Maling, begal, tukang ubred sun kudang
Sing lali hang omongane barang suci
Sun sembah aju sun sambati
Kembang melathi, toh nyawa toh pati
Isun kudu tetep mukti
Para punjer iki nak sun taleni

Kahanan arep sun tuku
Mane sing ana hang meksa isun ngaku
Belang lakunisun wis kondang
Ambi cara gedigi mesti ilang
Hang muji isun sing arep mamang

Mamang, mamanga sira
Atase magih butuh bandha
Kabeh dilakoni hang sun bisa
Mumpung lungguh nduwur duwe kuwasa
Kain sutera buntele mane sing kerasa

Kahanan wis kecekel tangan
Wong hang rame wis wareg mangan
Turu sirepa sira kabeh bantalan tangan
Isun tetep ngadeg , rika sun idek-idek
Isun panggah mujeg

Sby, 25/02/2018

WURUNG

Esem wis kadung semebar
Unyik sing ana hang nampik
Idin nang wak Modin
Ngenteni kapan isun kawin
Madahnea isun munggah derajad
Kabeh sun tata lan sun etap

Uba rampe wis dicawisi
Urunane wong hang titip mukti
Nana hang lila kejaba kepingin bathi
Kabeh sun terima lan sun janjeni
Dongkar jaran teji wis ngenteni
Angen isun tambah aji
Diajeni merga mukti
Masia tah sing teka njerune ati

Jaran teji, jaran teji
Njaluk liwat dalan sepi
Dalane para resi
Sing kalis banda lan bendi
Sak anggak-anggake isun magih wedi

Para resi, para resi
Ngajak ketemu ring pucuke bengi
Lamat-lamat wong padha tangi
Banyu mata sing kerasa mbrebes mili
Saiki, kudu gage dipungkasi

Tekad murub kesandung ring lurung
Kepingin mukti pungkasane wurung
Akeh wong bingung lan kelayung
Sarung, gage padha kemulan sarung
Isun hang salah lan getun keduhung

Sby, 26/20/2018

NYEBAR UNYIK

Iki wis dadi pesti
Unyik isun dudu ngapusi
Unyik hang meletik teka ati
Unyik sing tahu nyulani janji
Unyik sing arep golek bathi

Mara-mara unyik kecanthol empang
Buru ngerti akeh wong mamang
Mamang merga kasep dikudang
Disambati rabine durung adang
Kebimbang ati lanang

Unyik meletik sithik
Kepingin ngudi daya laku apik
Laku ala sing arep kemilik
Kabeh karep mungga aja ditampik
Unyik terus sun sebar masia cilik

Sby, 27/02/2018

WELAS SING KALIS

Welas iki tetep mbanyu mili
Sonder ana hang bisa ngadang lan matesi
Welas isun terus kerumat kaya jimat
Sing arepa kalis gara raga pisah teka nyawa

Kadung rika welase wis suda
Isun rumangsa lan lila nampa
Taping isun sing gelem diganti liya
Welas temata terus sun jaga

Welas iki wis nguwohaken amanat
Paran bain kahanane kudu sun rumat
Jungkir walik tangi aju jingkat
Ngerawat jimat sing kathik sambat

Welas iki sing tau kalis
Merga kebuntel kain sutera tipis
Sekehe gudho wis sun tepis
Pitenah hang ana sing sun gubris

SBY, 27/02/2018

NGERONCE WELAS

Welas hang merujuk teka njerune ati
Terus sun rumat sing mari-mari
Sing arep mandeg sing arep leren
Gara mucuk umur tuwek ninen-ninen

Kembang mekar maneka rupa
Ngeliri urip bareng saben dina
Susah seneng gentenan teka
Ayo dipapag bareng disangga

Pucil kelapa ketebluka ring latar wera
Arep sun wedhar rasa pangrasa
Kanggo niteni laku isun lan rika
Nggayuh mukti merambat urip sara

Sara sarane wong umah-umah
Sing keneng disidem kudu dikutah
Uwal teka susah ngarep urip bungah
Buncine mung obah lan terus njangkah

Ngeronce welas separo dalan
Sing arepa kari lan ketinggalan
Hang apik diuri lan dieman
Hang ala dibuang mane kegiles jaman

SBY, 27/02/2018

WELAS SING AREP PUNGKAS

Ngomong welas sing arep pungkas
Sekeha rasa dibuntel dadi wekas
Wekas kepilu karepe ati suci
Janji urip bareng sampek mati

Welase lare cilik nang wong tuwek
Kementel angger ditinggal mewek
Kepingin mituhu urip dhewek
Samu barange kudu golek

Welase wong tuwek nyang anak
Kelendi carane bisa urip enak
Kabeh ditata, kabeh dirika daya
Muga anake tembe mburine mulya

Mulyaaken wong tuwek lan keluarga
Muga mbesuke diganjar suwarga

Sby, 28/02/2018

RIKA RING AWANG-AWANG

Rika hang ring awang-awang
Gage muduna ring latar wera
Mane weruh kahanan hang ana
Gage temuruna penyawang rika
Mane weruh uri[sarane tangga

Rika hang ring awang-awang
Sun randu ngisore uwit jambu
Ayo mituhu aju melaku-melaku
Buyut rika sing meneng celathu
Muga gelem diajak kumpul aju ginau

Rika hang ring awang-awang
Wis duwe bunci langit tawang
Muga madangi pikiran mamang
Melaku gancang nora pincang
Kauk bareng katon girang

Rika hang wis gadug bumi
Ngelesod bareng lemeke suket teki
Kabeh sepakat gelem ngudari
Beda penemu dudu barang mati
Bisa dibeliyaki, bisa dikenceti
Endi kanggo saiki, endi sangune mati

SBY, 28/02/2018

MERGA NDIKA

Kabeh merga ndika
Isun dudu sapa-sapa
Gadug kene aju akeh hang nyapa
Uga merga ndika
Ngijabahi kabeh pengdonga kula
Maringi kuat raga ngelakoni urip sara

Kabeh merga ndika
Ngeliri laku urip saben dina
Ngajari asih sak padha-padha
Kabeh merga ndika
Kadung teng pundi-pundi kula ditanpa
Nyabung rasa pangrasa
Tanpa ndeleng rupa lan banda

Kabeh merga ndika
Kula hang ina niki saged mulya
Mulyakan tiyang sepah kalih lan agama

Sby, 2/03/2018

BANGKEL SING UWIS-UWIS

Bangkel rika sing mari-mari
Angger papan panggone disebar sunggrak lan eri
Kapan rika pungkasi?

Bangkel rika sing uwis-uwis
Nyebar ambu banger lan amis
Katone titen temekaken lamis
kabeh wadanan rika dadekaken mimis
kabeh dibedil masia sing titis

bangkel rika tambah ndadra
angger wong beda dianggep ala
ala-alane menungsa
duduk njaluk biji teka rika
kabeh diserahaken hang duwe kuwasa

kuwasane Gusti Alloh nana watese
muga rika gage nyebut lan mekar welase

Sby, 05/03/2018

UDAN PUNGKASAN

Kemesok ngembungi sawah penguripan
Kembang-kembang sekehe romot
Kesangsang mbebeng banyu uwangan

Embungana sawah mane bero
Wis wayahe nggarap kedokane
Winih uritan padha didaut
Gage tanduren genjah arum
Bibit kawit parine wong Belambangan
Sebar suburna tanduranira
Akeh hang kudu disangga
Sanggane wong angel pangan
Penguwasa nekakaken beras manca
Ilingana, sawah rika magih wera
Ayo gage tandang nyukupi pangan

Genjah arum gage dirumat
Merambat sulure kacang
Gancang melecuti parine
Sembureno rabuk kadang
Pari mentes hang dikudang-kudang

Udan pungkasan
Pungkasane aju bisa adang
Emak-emak padha ngelumahne dandang
Mucusi, karon, tapung aju madang

Sby, 06/03/2018

MUPUS

Milu mongkog weruh rika tekan pupus
Adus keringet, tiba tangi wis dilakoni
Saiki wayahe nguduh ewohe mukti

Sawang-sinawang teka kadohan
Aloke wong hang sing weruh kahanan
untingan donga kanggo rika
mili terus nana putuse
muga seneng isun bisa nular

Isun nyakseni polah rika
Sing kathik sambat terus obah
Aju sun ronce dadi kembang lambe
Kadung laku rika ana regane
Mane ditulada ambe anak putu mbesuk

Sby, 06/03/2018

USUM GELUDUG

Masia udan wis melbu pungkasan
Geledug gede terus jepret-jepretan
Jedar-jedor unine saut-sautan
Kaya arep nguwani kabar pamite udan

Geludug jemelegur uga teka calon pemimpin
Kabeh janji diumbar sak anter-antere
Kupinge rakyat ana hang ditutupi
Merga kerep rungu geluduk nana udane

Usum geledug samber-samberan
Angger ana kumpulan uwong dadi sasaran
Masia sing direes tetep mempeng
Melibeng kampung golek sokongan
Mane gage kepilih dadi pemimpin

He sedulur kabeh padha tangara
Akeh wong nyebar njanji kiwa tengan rika
Rasa pangrasa kudu tetep diagulna
Bisa milah-milih sapa hang kudu kuwasa
Sapa hang kudu dadi pemimpin rika
Aja ulap lan sawer semburane banda
Aja sampek rika kejala sutra
Rika mbesuki bisa kesiksa

Sby, 06/03/2018

PAREK RIKA

Kadang kepingin parek rika
Serta wis puluhan taun ngumbara
Semilire angin raina
Ngawa mata gadug kana
Mage cetha unyik rika
Ngeronce sekehe rasa
Sing bisa diejah nang aksara

Kepingin parek rika
Titip kuping wayah cerita
Angger uwong rika sapa
Isun butuh tulada
Lila lan lila kabeh diterima
Sonder ngersula
Sing nyimpen rasa ala nang wong liya

Sby, 06/03/2018

MIBER NANG MEGA

: kanggo anak lanang sekeloron

Miber-mibera sira gadug mega
Sawang lan pandenge werane dunya
Jembar-jembarna pikiran sira
Aja ipek-ipek bentur memengan sak kanca
Njaba akeh latar jembar
Keneng dienggo playon memengan undar
Ubengona aju melaku gancang

Gaduge ngetan nang segara wera
Ombak umbul adhangen dhadhanira
Dadia karang kuat ditampes banyu saben dina

Telikas lan terginas mintuhune lare lanang
Emak lan bapak mung nyangoni welas
Masia sak elas, sing arepa rantas

Wong tuwek sing meneng umik
Ngeculaken sira ambi munyik
Penyawang sing kathik kethip
Iling ngerumat sira sakat cilik

Anak lanang sekeloron mibera nang mega
Emak Bapak mung bisa ngeronce dunga
Dadia gending hang nggawe sira iling
Dadia jimat mane sira sing kepaling

Sby, 12/03/2018

ADOL WELAS

Kadung ana hang dodol
Isun nak pelakon welas
Sun renda aju sun sulam
Kanggo kudangane ati

Kadung ana hang nyolong welas
Sun belani sampek toh pati
Welas isun mung siji
Kanggo rika tekan wangkide pati

Welas hang wis sun bundeli
Welas suci nana tunggale
Kocap isun wis naleni janji
Emong ngeliya kanggo gantine

Sby, 12/03/2018

KETEKAN MANGSA

Mungkuri arep entek mangsa
Akeh cara, akeh rekadaya
Mane rika dialem lan terus dipuja
Kelebu nguwah kahanan hang temata
Akeh hang sing lila, akeh hang sing terima
Rika wis kentekan mangsa
Rika wis sing duwe kuwasa
Ayo balik nang panggonan mula

Sby. 12/03/2018

TERUS MELAYU

Dina iki isun weruh rika wis gadug kana
Mulang lan adum kaweruh sak padha-padha
Esem lan unyik rika mbarengi obahe awak
Nana hang uwah

Ring kene rika ninggal tatu
Duduk merga candu
Taping kelakoan rika hang bedu
Bedu ambi wong hang colong pelayu

Kudune rika tetep nang kene
Gendekaken tobat lan ngaku salahe
Kanggo rakyat iku hang dadi penjaluke
Kapan rika bisa nuruti
Kapan rika bisa nyebadani
Aja terus-tersan ngapusi

Sby, 20/03/2018

NGERENDA RASA

Lembaran kain sutra wis sun renda
Kembang setaman sun sulam maneka werna
Rasa rumangsa gemelar ring tanah wera
Isun lan rika keselempit ring kana
Masia gedigu bisa ngeliri ubahe dunya

Rasa hang sing weruh mangsa
Kudu sun tata lan sun jaga
Aja sampek ngelarani liya
Sun renda terus sun renda
Rasa hang gemulak ring dada
Sing pilih raga sing pilih banda
Rasa hang ana terus muruba

Isun lan rika terus ngerenda rasa

Sby, 20/03/2018

LURU WELAS

Isun keplayu
Nuruti ati tatu
Rika wis ngeliya
Rika tega uwah rasa

Mangsa wis ganti
Aran lan rupan rika wis lali
Ring panggonan iki
Antebe urip kaya tangi
Magih jangget ring ati
Isun keserimbed ring janji
Nora arep mbelenjani

Welas mung siji
Kanggo rika hang sun enteni
Embuh kapan disembadani
Donganisun raina bengi
Duh Pengirang Duh Gusti
Kepingin nyanding urip dadi siji

Sby, 26/03/2018

MUNG RIKA

Wolak-walike jagad ibarate
Hang arep ngoyag lakon isun lan rika
Sing arepa ngeliya, sing arep cidra
Sun ugemi welas iki
Nana putuse sampek wangkide bumi

Panggah nyang rika
Sekehe rasa rumangsa
Sun papag lan jaga
Sekuate tenaga hang ana

Rika duduk wong liya
Raka duduk sewates kanca
Rika wis dadi sigarane nyawa
Mung rika hang sun terima
Mung rika kangen sun sangga

Sby, 26/03/2018

MALIK ILAT

Bengen njaluk paran?
Saiki kok duwe karep liya
Ilat sing ana belunge
Seru gampang molak-malik omongan
Aju isun kudu kelendi?

Isin lan wirang sing manggon nang rika
Malah wedi dosa kaya sing dirasa
Kabeh direka daya
Kabeh diatur lan ditata
Kanggo nyelametaken rika

Duh Gusti hang maha kuasa
Mugi kiyat nampi gudha lan cuba

Sby, 29/03/2018

NGASAH WELAS

Kudune sing ana ati mamang
Ketawang padhang
Kabeh bisa nyawang

Esem hang muluk ring awang-awang
Ketinggul ambak-ambakane mega
Angin sing mung nyebaraken arume kembang
Gandane urip ala uga kegawa
Jahe wana goyang ati yara timbangana
Sun timbang antebe welas isun nyang rika
Sing arepa oyang

Lawas nora nyanding
Ayo ngasah welas ngungkuli ladepe lading
Kaya gendingane perawan lan lancing
Liyan rika sing ana maning

Sby, 01/04/2018

MUJUDAKEN KAREP

: kanggo lare enom hang njejegaken karep

Wengkuh
Wangkod
Iku jare rika
Serta isun mbantah
Serta penemu rika sun uwah

Isun durung nemu
Ukara paran hang tepak
Kanggo nggambaraken angen
Kanggo ngobahaken karep

Kabeh penemu wis sun ramu
Sekehe kaweruh wis sun enggo
Mujudaken olah pikir
Nata laku ngubah rasa
Dung bisa gawe kagete dunya

Ring kene getih embah buyut mili
Sing arep gingsir tekad iki
Gara mari
Gara rika gelem ngerti
Gara rika rumangsa lan kerasa
Urub lan gemulake ati

Sepurane nang dulur-dulur tuwek
Kadhung isun nganggo karepe dhewek
Saktemene isun mung pingin mujudaken karep
Kabeh tinggalane embah buyut mane ning ngarep
Kaya gaman hang landep
Bisa ngerajang barang ala
Bisa macaki laku hang kurang tata

Sby, 1/4/2018

MBERAK ANTER

Kadung rika rumangsa penter
Gage tuntunen bangsa iki
Makene sing kebelinger

Aja mung berak anter
Atase melaku dalan peteng butuh senter
Atase ngerata sawah bera butuh teter

Isun lan rika nana bedane
Magih durung sampurna
Ayo dijaga aja ngomong ala
Aja sampek atine liya lara
Merga magih perlu pitulungan liya

Sby, 2/04/2018

NUTUPI BELANG

Laku urip iki sing kabeh diweruhi liya
Dalan jurang lan kaspalan wis sun liwati
Kabeh kudu ati-ati
Sandungan lan eri wis ngeteni
Sing bisa diinggati

Iluh mili nelangsane ati
Kabeh uwong tau ngalami
Tapi sing kudu wong liya ngerti
Paran bain hang rika lakoni

Laku ala ibarat belange rupa
Sing arepe diweruhi wong liya
Kelendi carane mung isun lan rika
Hang meruhi lan ngeraksakaken urip sara

Urip bareng isun lan rika
Ngereksa raga uga rasa
Kabeh kudu dirumah lan dijaga

Sby, 3/04/2018

KEMBANG KUDUP

Sun randu mekar rika wayah surup
Kelir hang wis kuntup-kuntup
Kembang kudup nyimpen ganda arum
Gage semebrung pinggir lurung
Rebut bucung
Kupu lan tawon kepingin ngambung

Wis ambungen sak legane ati
Angger aja rika sesep sari pati

Kembang kudup mekar arep bengi
Nyebar wangi wayah dalu lan sepi
Legane ati kegawa nyang nya impi
Senenge ngerumat welas sejati

Sby, 9/04/2018

NYEBAR RASA ALA

Sengit
Bangkel
Srei
Ngemuli ati
Sing terima wong liya kuasa
Sing terima tanggane mulya
Sing terima kanca urip mukti
Kabeh dianggep ala
Kabeh dicamah

Iling
Rika wis mambu lemah
Sedilut maning mung bisa melumah
Mathang-mathang njeru umah
Sing bisa obah
Paran maning arep gesah

Rumangsane kaya wong sakti
Omongane ngungkuli landepe gelathi
Kabeh dicacad
Kabeh dipaido
Rumangsane kaya wong penter
Ngaku paling bener
Liyane dianggep kebelinger

Sby, 10/04/2018

NJIGAL

Karepe melaku bareng
Renteng-rentengan turut dalan
Sing nyangka lan ngira
Kejeglang lakun rika
Kesandet ring sawah bera
Getun lan nelangsa diterima

Balik kucing panggonan mula
Nyapa lan kudu rika nyapa
Nyang hang ditinggal sawantara

Getunana sing kira mbalik kaya mula
Wis pastine laku urip rika
Ana wangkide wong kuasa
Lara mula lara
Sing keterutan karep rika
Kudune rika lila
Aja malih njigal lakune kanca
Nerima kudu nerima
Timbang laku ala rika
Dibeber lan dieler ring latar wera

Sby, 10/04/2018

TATU LAWAS

Bengi iki sun kawiti
Mbiyak tatu lawas
Masia wis luwas
Isun gati lan sing lali
Bencel nora ilang
Tamba sing ngilangi belang

Ibarate toh keneng dienggo tanda
Kadung isun tau ana ring atinrika

Sby, 10/04/2018

NGAMBAH SUBUH

Wayah pitik jago kukuruyuk
Jelalatan ngusir rasa ngantuk
Jengkirat kaya ana hang nyeluk
Ring langit wetan saiki
Semburat sunar putih wangkide bengi

Sun rumat sepi angenan nyawiji
Muga gage mili nyang maha siji
Gemincer untingan wiji
Sing arep mandeg sing arep mari
Ngejah asma Ndika hang maha suci

Sby. 11/04/2018

KANG BADUT

Dedeg sak pengadeg katon sagah
Jejeg lakun rika angger njangkah
Tetep teges masia lemes lan luwes
Terus omes mbuang rasa males

Prigel obah lan nginyere ugel-ugel
Kakang badut kaya sing tahu bangkel
Nyebar unyik ambi hemunyer dedel
Kadang ya nggarahi gemuyu kekel

Rika sebar sampur menduwur
Tabuhan timpalan gaur-gaur
Laku gancang sing kira kebelandur
Wis ditata lan diatur
Diceluka ya kudu semaur

Semaur ya tetep semaur
Masia rika wis kondang lan kesuwur

Sby, 10 Mei 2018

NGIRIJIGI ATI

Melati kembang melati
Kelir putih gandani wangi
Rijig rijiga ati iki
Teka tamak, anggak lan iri

Melati kembang melati
Ngawiti urip seneng ambi pajane ati
Semebrung arum dironce welas sejati
Kabeh karep direngkuh dadi siji
Susah seneng ditingkes lan ditali

Melati kembang melati
Ngiring laku urip tumekane pati
Nyelempang ring kana
Kalunge raga hang pisah nyawa

Sby, 9 Mei 2018

MUNG SEDHELA

Pangkat lan kuasa mung sedela
Dibanding umur rika ring dunya
Mula aja rika enggo numpuk banda
Mung nyenengaken dulur kanca
Welas asih rika kudu den timbang rata
Kabeh kerasa, kabeh rumangsa
Pait manis dikecap padha

Mung sedhela
Wangkide umur lan tebluke kembang semuja
Muji-mujia rika nyang hang Kuasa
Mungkasi laku urip lila ambi lega

Sby, 2/05/2018

NGELIRI DUNYA

:kanggo kanca tukang kelir

Sing arepa mandeg jangkah rika
Masia tugel bagian raga hang ana
Dikutah angen dadi werna-werna
Laku lan labuh rika hang nyata
Sing tau gingsir tekad ring dada
Terus murub, terus direksa lan dijaga
Ngunting rasa pangrasa
Ngeliri dunya bengi lan raina

Kang , kawitan isun sing tega
Rika kurang hang dienggo nyangga
Esem lan unyik rika, lila lan nerima
Dianggep wis pestina hang Kuasa
Iku isun durung bisa
Magih mbesesegen angger iling rika

Gemelar kain putih
Rika keliri nganggo getih
Kelir sembarang kalir
Isun njingkat sing kuatir

Bwi, 10 Mei 2018

WELAS RING LAMBE

Omongan manis sing uwis-uwis
Ngaku welas seru masia kalis
Kembang setaman terus dironce
Semat tongkleh hang dadi sunduke
Sing kira atut, sing kira digape
Welas rika mung ring lambe

Lipen dubang suruh sak wanci
Omong sak kecap merujuk teka ati
Welas iku jujur masia sing dibiji
Ujude nata ujar ngeronce janji
Tekad urip bareng tumekane pati
Welas sejati anane mung siji

Sby, 11 Mei 2018

NGERONCE ANGEN

Angin semilir tengah wengi
Ademe nembus belung sungsum nacep ring ati
Sun ati-ati njaga welas suci
Welas isun nang hang ngeroksa sepi
Ring pucuke bengi iki
Mung siji hang sun puji
Ngeronce angen lan nyawiji
Ngudang rasa ngarep lilane Gusti

Wiji tasbeh geminyer sing mari-mari
Ambi nyebut asmandika hang maha siji
Agung kuasane ring langit lan bumi
Nggaris urip tumekane pati
Iling terus sun iling
Muga selawase sing arep kepaling.

Sby, 19/5/2017

TATU DURUNG ARON

Ya Alloh ya robbi...
Mugo diselametaken dugi belahi
Aran padu sing mari-mari
Sing raina sing bengi
Sadaro dung iki ulan suci

Puasa kudune bisa dienggo mawas diri
Karep ala sak dulur gage dipungkasi
Ucap lan laku kudene ngati-ati
Aja natoni liyan iku hang diugemi

Reroncen kembang melati
Dikalungaken dung penganten lan mati
Paran maning hang digoleki
Sak liyane ridhone Gusti

Aran pati iku mesti
Kapan nana hang ngerti
Isun lan rika mung bisa ngelakoni
Laku apik, hang ala diedohi

Ya Alloh ya robbi
Sinten malih hang kulo sambati
Kenjaba Ndika hang maha suci
Mageri kulo dugi sifat iri lan dengki

Duh Alloh duh Gusti
Mugi dunga kula diijabahi
Gage aron tatune ati
Tatu lawas lan tatu saiki

Sby, 3 Juni 2017

ARAN RIKA

Lamat-lamat ana hang ngejah aran rika
Merambat ring uwit hang kesapu angin
Pikiran muluk ring awang-awang
Aju nggoleki sapa hang ngomong
Ring endi punjere suwara

Aran rika terus diejah
Masia adoh tapi cetha
Aksara hang diunting dadi ujar
Kaya miline banyu ring wayah dalu
Gemericik, semeriwing ring kuping
Tetes pelayune banyu kening

Aran rika dadi cetha
Tegese ucap antere suwara
Katon ring angen ketelo-telo
Semendal ati sing kaya-kaya
Wujud rika tetep sing ana

Aran rika ya aran rika
Terus diejah aju diwaca
Muga ati bungah lan lega
Ayang-ayang ring kaca
Kadang ana, kadang nana

Sby, Juni 2017

KATON PARAN

Janji welas keucap teka ati
Emong pisah sampek mati
Duduk rupa dudu bandha
Hang njiret rasa isun lan rika

Kaya muluk ring awang-awang
Gemelar taman diperujuki kembang
Seneng rasane nora kembimbang
Nulis gurit disambi nembang

Tembangane wong kasmaran
Ngumbar seneng sak paran-paran
Sing perduli kahanan liyan
Beberengan ring bentur uga ring taman

Taman-taman pinggiran desa
Embuh katon paran isun nang rika
Merekahe esem perujuke unyik
Omong rika sing bisa dicangkik
Katon para isun nyang rika
Mancepe welas angel ngeliya
Mugo rika mbales hang padha
Muga sing nggawe isun ngersula

Sby, Juni 2017

MANJINGE WELAS

Setuhune ring endi manjinge welas?
Beda dipeksa padha
Miloni laku karep rika
Dibelani pati ngelilakne nyawa
Masia sing pekakon
Larane dipadhakaken sengete tawon
Nyawa sing bisa dipitung rega
Iku diweni hang Kuasa
Kudu dijaga

Duh Gusti hang ngeraksa dunya
Mugi welas niki tetep ana
Mujud ring rasa manjing ring dhadha
Welas manjing ring dada

Sby, 19/05/2018

NAHAN HAWA

Lemes
Ngelak
Elom
Ndelalir
Kerasa
Wong urip sara
Saben dina
Isun mung sedela
Sing kira mati
Mung ngarep ridhane Gusti

Serngenge lengsir
Ambu sekehe panganan diasir
Bedug wis ditabuh
Padha gupuh
Ngombe
Mangan
Wareg
Welangkeden

Kudu lila nerima
Muji sukur nyang kuasa
Magih nyanding nyawa
Bisa ngelakone puasa
Muga bisa ajar urip setuhune

Sabar nerima nahan hawa
Nyebar welas sak padha-padha
Magih akeh ngisor isun lan rika
Bingung hang dienggo buka
Ngelak lan elom sidina-dina

Sby, 22/05/2018

PENAMPAN

Bedug ditabuh mareke lohor
Jare lebarane wis kuntup-kuntup
Emak embok ewuh ring pawon
Olah-olah kanggo mapag tekane dayoh
Dayoh adoh teka ring dina lebaran
Kopat lepet wis disanding uyah asem pitik
Senengane hang sing bisa ditampik

Penampan bedug penampan
Lare-lare cilik seneng memengan
Ngudang lan kauk-kauk ambi takbiran

Emak-Bapak kepeksa munyik
Nyenengaken anak masia sithik
Dibelane tangis layung laik-laik
Diramesi dadi laku apik

Sby, Agustus 2018

AWANG-AWANG

Rika hang ring awang-awang
Disubya-subya lan dikudang-kudang
Angger mata nyawang
Kerasa rika seneng lan girang
Polah solah rika nyata dudu ayang-ayang
Tapi apuwa magih ana hang mamang?

Rika hang ring awang-awang
Kaya manuk kepodang
Masia sisih padha teka suket lan lalang
Lawang atinrika sing tau dijemblang
Dunya ring njaba wis padang
Rika keserimped selendang abang

Rika hang ring awang-awang
Kiwa tengen rika tetep dadi rewang
Juger-juger barang kepedhem aja kebuang
Laku lampah rika aja sampek kejiglang
Kesirep ring erum-erume wong dodol kembang

Sby, 13/09/2018

PAMAN BRENGOS

Abekan rika kongos-kongos
Ketang kari duwur hang digayuh
Padahal rika wis kentekan ongkos
Pegawean wis dipungkasi
Kabeh kanca padha ngedohi
Bengen kari katon omes

Paman Brengos kongos-kongos
Terima melaku sak jangkah
Kaya marek macul ring sawah
Kabeh wis uwah
Rika sing tau susah

Paman Brengos akon-akon
Kabeh cerita iyane hang dadi lakon
Dibelani laku gubab adol abab
Angger ucap gandani bacin
Kandel rai sing duwe isin

Sby, 25/09/2018

KEDUWUREN

Rika pancen panggon mujeg
Sekehe barang ring bumi katon cilik
Rasa rumangsan rika keliwat melip
Sing rungu diberaki sing omik
Akeh wong kepilis rika tampik
Janji bengen wis kalis

Keduwuren ring manggon
Keduwuren ruika rumangsa
Ring kene, ring lemah perujukan
Akeh hang pelu diitung lan dipitung
Wong cilik bingung
Ngabeti omongan lan polah rika
Gedigu rika genekena

Surabaya, 26/9/2018

KEPILIS

Bang-bang kulon serengenge surup
Sekehe kalong, lowo, lan codot kuntup-kuntup
Lengsere serengenge semburat abang ring langit
Sapa hang arep ngawasi matenge wowohan ring uwit

Kewan hang nggelantung padha rebut bucung
Endi hang mateng wis diambus aju disaut
Peteng sintru wahaye wong-wong padha turu
Aja seru dirandu riko arep ngunduh jambu

Srengenge melthek gemelar woh-wohan podo tatu
Ono hang bundas mergo ketebluk ring nduwure watu
Ugo ono hang rosak kecokot untu
Moto mendelik arep ngomong sing kewetu

Welas isun nyang ruika dadi kalis
Ngarep seneng tibane kepilis

Surabaya, 17/01/2011

NGUDARI SUWUNG

Alas gung liwang-liwung
Sun randu kembang celung
Adem mbediding longgroke kembang cangkring
Duh lare lancing gage cincing-cincing

Bang wetan sumburat abang branang
Suket-suket hang kemulan embun jelalatan
Munyik ambi matane kethip-kethip
Wis wayahe mapag tekane wayah isuk
Sak kepel angen-angen hang ana
Sun serawataken ring jembare langit padang

Dunyane padang jinglang, pikirane jembar
Murub tekade seneng atine ...

Surabaya, 10/01/ 2011

NYULAM KEMBANG

kudune gedigi
isun lan rika nyulam kembang
ring kain sutra kekancan
arum semebrung gandane
endah ring sesawangan
tentrem ring rasa rumangsan
nana alok tanpa keplok
kabeh disidem bebarengan
unine cenggeret ring kebonan
gawe ayem ambi lungguh meneng
sun sulam kembang
kemambang kembang-kembang
sing arep kemeleyang
diterak angin segara
merga isun lan rika
kaya dadi siji ati lan raga

Sby, 18/10/2018

MBELIYAKI LAKU SENI

: kanggo elvin hendrata
Kesimpen ring lemari
dhirik temata suaranrika
ketela-tela obah lambinrika
laku seni suara lan anta wacana
Basa Using Basa Jawa uga bisa
laik-laik kari apik
gagah perbawa laku omong rika
kabeh wis sing ana
kari barang luwas dadi petilasam
lebu alus rata nutupi
sun telateni lan sun kusuti
sun eja tulisan hang ana
aran gedhing maneka werna
selak sing serantan
gage kepingin kerungokaken
ana hang sun rungu magih cilik
lamat-lamat disebar angin sawahan
nora ngerti lan nora paham
gendhingan lan tabuhan nggawe bungah
sun beliyaki terus sun beliyaki
kaya ngudari bolak buledan
kudu sabar lan lila
sing bisa diukur rega
dipadhaken nang solah dayan rika

paran maning kanggo hang duwe karep
nyimpan barang minggunane temba ngarep
sun sambung lan sung rungokaken
pancen ana galure laku seni adiluhung
masia tah saiki dideleng lan ngerasakaken
rika sak kanca paran anane
isun kaya sing ana paran-parane
jasan rika sing ilang sampek seperene

Mangir,21/10/2018

MERANGAS

Serengenge arep mujeg
siraman panase nyenget
dalan lemah mberanang
lemah sawah merekah
suket garing merkingking
nana esem unyik meletik
mbesengut mendelik
ngerasaken sarane urip

empang panguripan merangas
godong atinrika lugrog
masalah dadi leleran
melamuk kegawa angin
semebar dadi kabar

kuping abang
rungu sengak omongan
mung bisa ngeluk
ngolah amuk
muluk-muluka ring awang-uwung
janur melengkung
hang diundang mbok Gandrung

Gandrung siji dadi aji
ajenana kaya jimat
dirumat lan diruwat
mane sing uwah adat

Sby, 18/10/2018

NGUNDURI KUASA

Arep pungkas sekehe ewuh saben dina
Dulur kanca susut dung nyubya-nyubya
Iki dalan pungkasane penguasa dunya
Watese rasa sak padha-padha
Muga tambah marekaken Nyang Maha Kuasa
Hang nguasane urip lan rasa
Hang nginyer angin ngubah dunya

Isun kerep lali nyang Ndika
Isun kepingin mituhu lan mandita
Meneng lan muji-muja
Merga Ndika kula ana
Merga ndika kula nyambung rasa
Merga Ndika kula dung sing ana

Pagerana kula sak keluarga
Teka siksa lan panase gene neraka
Mung ndika
Mung Ndika
Kula kutahaken tangis getun kula

Surabaya, 29/10/2018

MELINTIR ANGIN

Usum ketiga
Angin segara nampes wit kelapa
Silire nyerambahi werane dunya

Sun pelintir angin segara
Mbuled laku jangka rika
Sun ulukaken angin sawahan
Nyebar winih sekehe tanduran
Subur perujuke
Gembel uwohe

Sun pelintir angin bengi
Njala angen naleni impi
Ngemong ati peteng lan sepi
Siji-siji lakune kudu dipetani
Siji-siji obahe kudu dititeni

Sun pelintir angin
Naleni kabeh rasa kepingin

Surabaya, 29/10/2018

NGGAYUH ANGEN

Saiki wayahe nyapa rika
Sun turuti kabeh penjaluk hang ana
Sun unting sekehe rika daya
Supaya rika sing sulaya

Rika, kanca, dulur lan tangga
Saiki dadi wong-wong mulya
Sak durunge sugeng dadi demen sanja
Sanja golek dukung lan suara
Kanggo golek pelungguhan dunya

Tanpa rika, isun duduk sapa-sapa
Muga sing lali jaji nguwah urip rika
Ikhtiyar iki uga njaluk idine Hang Kuasa
Kuasa sekahene hang ana
Kuasa paran hang dikarep isun lan rika

Surabaya, 29/10/2018

TENTANG PENULIS



Saya lahir di Banyuwangi, 27 Agustus 1965, tepatnya di Dusun Krajan, Desa Parijatah Kulon, Kecamatan Srono. Orang tua saya tidak sempat memberi nama dengan proses selamatan, karena saat itu setiap malam orang laki-laki selalu mengungsi menghindari serangan PKI. Orang-orang kampung hanya memanggil saya SENTOT. Konon mereka yang saat itu juga berjuang melawan PKI, ingat perjuangan teman Diponegoro, yaitu Sentot Ali Basyah. Baru setelah saya bisa berjalan, setahun lebih dan situasi telah aman, paman saya baru sadar jika tidak pernah diberi nama secara resmi. Saat itulah Paman mengusulkan nama Hasan Ali. Namun orang kampung dan teman sepemainan saya tidak tahu, mereka hanya tahu nama saya Sentot.

Dalam menulis karya sastra, menggunakan nama Sentot Parijoto. Gabungan nama panggilan saat masih kecil dan nama kampung tempat kelahiran, Parijatah Kulon.

Pendidikan saya tempuh, seperti umumnya anak-anak Desa. Bahkan sebelum resmi masuk Sekolah Dasar (SD), saya sudah naik kelas 3 Madrasyah di kampung yang tidak diakreditasi departemen manapun. Meski saya sudah bisa baca tulis, pihak SD Parijatah Kulon (PAKU)-1, tetap meminta saya harus mulai jenjang dari kelas satu. Akhirnya saya menempuh penedidikan

SD di Desa, njenjang berikutnya balik lagi ke jalur Madrasyah (MTsN) Srono.

Jenjang berikutnya melompat ke SMA Negeri 3 Kota Kediri, Jawa Timur. Selama 3 tahun menempuh pendidikan harus jauh dari kedua orang tua dan kampung halaman, justru menjadikan saya semakin cinta terhadap Bumi Blambangan dengan segala kekayaan seni-budaya dan tradisinya. Banyak seni Budaya Banyuwangi justru saya pelajari dan pahami saat saya SMA, karena saya juga harus menjelaskan kepada teman-teman tentang daerah saya dan budayanya yang kadang sudah dikonotasikan negatif.

Lulus SMA tahun 1985, saya melanjutkan ke Fakultas Sastra (sekarang Fakultas Ilmu Budaya) Universitas Jember. Saya memilih jurusan Sastra Indonesia, karena kecintaan saya terhadap karya sastra sejak SMA. Aktif di teater Kampung, juga sering membaca karya Sastra Jawa dari Majalah Penyebar Semangat dan Jayabaya. Saat kuliah aktif menulis Puisi Bahasa Indonesia dimuat di Majalah Kartini dan Puisi Bahasa Using dimuat Surabaya Post Minggu Kolom Suket dan Majalah Penyebar Semangat.

Sebagai kelanjutnya kecintaan terhadap seni budaya Banyuwangi, saat menyusun Skripsi sengaja mengambil Sastra Using. Padahal saat itu, belum ada buku yang menulis secara khusus tentang sastra Using. Objeknya adalah Karya Gendhing-gendhing Banyuwangi yang diciptakan antara antara tahu 1965 hingga 1975. Skripsi berjudul "Lagu-Lagu Daerah Banyuwangi Tahun

1965-1975 Dalam Kajian Semiotik". Penyusunan skripsi tersebut memakan waktu hungga 4 tahun, karena keterbatasan biasa dan sulitnya mengumpulkan bahan-bahan dan buku bacaan.

Selepas kuliah pernah pernah bekerja menjadi Wartawan Karya Dharma, Group Jawa Pos tahun 1993. Tahun 1995 pindah ke SCTV Biro Surabaya hingga tahun 2009, dengan jabatan terakhir Produser Liputan-6 SCTV Jawa Timur. Tahun 2011 bekerja di JX-International, Gedung Pameran dengan jabatan Marketing Communication hingga sekarang.

Tahun 1993 pernah membawa makalah berjudul "Basanan dan Wangsalan Using: Suatu Tinjuan Awal Terhadap Kritik Sosial di Banyuwangi" di TIM Jakarta. Kumpulan Bahasa Using "Gandrung Jagad" diterbitkan Sengker Kuwung Belambangan (SKB) 2018.

NGERONCE WELAS

Gurit Using ini ditulisa pada rentang tahun 2017 dan 2018, serta dipublikasikan lewat Facebook. Sejak tahun 2009 dijadikan Admin Grou-Group berbahasa Using, serta membuat Halaman khusus Bahasa & Sastera Using. Isinya tentang bermacam-macam seni budaya Using, baik masa lampau maupun kekinian.

Sebanyak 54 judul dalam kumpulan "Ngeronce Welas", sebagian besar cerita tentang cinta dalam arti luas. Tidak hanya cinta antara laki-laki perempuan, namun cinta sesama manusia, cinta dengan makluk ciptaan Tuhan, Cinta Tanah Kelahiran dan seni

Budayanya dan Cinta kepala Illahi Robbi sendiri. Tentu cinta yang dituliskan sangat subjektif, semapu yang diungkapkan penulis.

Awalnya penulis prihatin, dengan banyaknya peristiwa sosial yang berkembang, justru hilangnya rasa cinta sesama mahluk ciptaan Tuhan yang seharusnya memelihara cinta itu sendiri.

NGERONCE WELAS

Selain merupakan wujud apresiasi dan upaya pendokumentasian karya sastra daerah, tujuan penerbitan buku *Ngeronce Welas* karya Sentot Parijoto (Hasan Sentot) adalah memelihara semangat para penggiat sastra daerah agar terus berkarya dan melestarikan warisan sastra. Penerbitan karya sastra dari subkultur Banyuwangi ini juga merupakan implementasi program untuk mengembangkan dan memberdayakan penggiat dan komunitas sastra di Jawa Timur. Kami bangga kepada para penulis yang tak kenal menyerah dalam berproses dan menghikmati dunia sastra. Semoga kebanggaan tersebut berjalan seiring dengan terlaksananya program Balai Bahasa Jawa Timur seperti Pembinaan Sanggar Sastra, Literasi, dan Bengkel Sastra dan Bahasa.

BALAI BAHASA
JAWA TIMUR

ISBN 978-602-8334-52-5